

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Saméméh ngajéntrékeun ngeunaan desain panalungtikan, dijelaskeun heula métode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kuasi ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén sering disebut ékspérimén semu, nya éta hiji panalungtikan anu ngagunakeun hiji kelas ékspérimén atawa disebut studi kasus, kalawan henteu ngagunakeun kelas kontrol.

Desain ieu panalungtikan nya éta *one group pretest and posttest design*. Ieu desain teu ngagunakeun variabel kontrol jeung dina nangtukeun sampelna teu dipilih sacara acak. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré *pretest* tuluy dibéré *treatment* ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis éséy kalayan ngagunakeun modél *Writing Workshop*, tuluy diayakeun *posttest*. Desainna nya éta baris digambarkeun dina bagan di handap.

O1	X	O2
----	---	----

Arikunto (2013, kc. 212)

Keterangan:

O1 = *pretest* (hasil panalungtikan saméméh perlakuan)

X = *treatment* (diajar nulis éséy ngagunakeun modél *Writing Workshop*)

O2 = *posttest* (hasil panalungtikan sabada ngagunakeun modél *Writing Workshop*)

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung taun ajaran 2015/2016 anu jumlahna 33 urang. Siswa lalaki 15 urang, siswa awéwé 18 urang. Ari data anu diolahna mangrupa karangan éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung taun ajaran 2015/2016 saacan jeung sabada ngagunakeun modél *Writing Workshop*.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.101) instrumén minangka alat bantu pikeun panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés tinulis. Arikunto (2013, kc. 53) nétélakeun yén tés mangrupa saruntuyan patalékan atawa latihan anu dipaké pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipibanda ku pribadi atawa kelompok.

Tés tinulis anu dipaké nya éta tés aplikatif (penerapan) anu dipiharep ayana kamampuh ngalarapkeun pangaweruh tioritis siswa kana kagiatan praktis tur konkrit. Kamampuh aplikatif nya éta kamampuh nulis karangan éséy dina suasana anu nyugemakeun anu geus dirarancang ku modél pangajaran *Writing Workshop*. Ieu tés dilakukeun dua kali, nya éta saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop*.

Instrumén *pretest* jeung *posttest* dina ieu panalungtikan kaunggel ieu di handap.

1) Lembar Tés

Ieu di handap mangrupa lembar tés nulis karangan éséy.

Pék jieun karangan éséy anu katangtuanana kawas ieu di handap.

a) Téma karangan ngeunaan “Sunda kiwari”

b) Léngkah-léngkah nulis karangan

1) Téangan judul dumasar téma nu geus ditangtukeun di luhur!

2) Jieun raraga karanganna.

Paragraf I

.....

Paragraf II

.....

Paragraf III


.....

c) Mekarkeun raraga karangan minimal 4 paragraf.

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan kawilang penting dina panalungtikan, lantaran dina prosedur panalungtikan téh nétélakeun léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun ku panalungtik.

Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nya éta ngagunakeun désain *one group pretest posttest design*. Sangkan leuwih jéntré prosedur panalungtikan baris digambarkeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan

Sangkan leuwih jéntré, prosedur panalungtikan ditétélakeun deui di handap.

1) Tatahar

Ieu tahap mangrupa tahap tatahar pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Panalungtik nangtukeun kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta métode nu digunakeun. Saméméh panalungtikan, diidéntifikasi heula masalah nu baris ditalungtikna. Ngidéntifikasi masalah

ngaliwatan cara wawancara jeung guru Basa Sunda SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung ngeunaan masalah nu karandapan ku siswa dina pangajaran Basa Sunda luyu jeung kompetensi dasar KTSP. Tétéla, masalah nu karandapan téh dina nulis éséy. Panalungtik nyusun léngkah-léngkah panalungtikan anu baris dilaksanakeun ngagunakeun modél pangajaran anu loyog. Pikeun ngungkulan masalah kamampuh siswa nulis éséy, modél nu digunakeun nya éta modél *Writing Workshop*.

Dina ieu panalungtikan, aya dua variabel nya éta variabel bébas jeung variabel kauger. Variabel bébas nya éta variabel anu dipangaruhan ku variabel lianna, sedengkeun variabel kauger nya éta variabel nu dipangaruhan ku variabel bébas. Anu jadi variabel bébas dina ieu panalungtikan nya éta modél pangajaran *Writing Workshop* anu mangaruhan, sedengkeun variabel kaugerna nya éta kamampuh siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung dina pangajaran nulis éséy.

2) Ngumpulkeun data

Sabada kapaluruh masalah nu karandapan di SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung dina pangajaran basa Sunda, dilaksanakeun panalungtikan di kelas. Panalungtikan ka kelas pikeun ngumpulkeun data ti siswa. Téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun téhnik tés. Tés dilaksanakeun dua kali, saméméh jeung sabada *treatment* di kelas. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- a. Laksanakeun O_1 atawa *pretest*, pikeun ngukur *mean* atawa rata-rata prestasi diajar siswa dina pangajaran nulis éséy, saméméh diajar maké modél pangajaran *Writing Workshop*.
- b. Unggal siswa nyieun éséy dumasar kana téma, saméméh dibéré *treatment* maké modél *Writing Workshop*.
- c. Sabada nyaho kamampuh awal siswa, panalungtik nyiapkeun bahan pikeun nerapkeun modél *Writing Workshop*.
- d. Laksanakeun X atawa *treatment*. Panalungtik nerapkeun modél pangajaran *Writing Workshop* dina prosés diajar-ngajar.
- e. Sabada ngalaksanakeun pangajaran maké modél *Writing Workshop*, laksanakeun O_2 atawa *posttest* pikeun ngukur rata-rata préstasi diajar nulis éséy sabada dilaksanakeun *treatment* (Suryabrata, 2012, kc. 102).

Kamampuh awal jeung kamampuh ahir siswa dina nulis éséy baris katitén tina ngabandingkeun hasil *pretest* jeung *posttest* nu dilaksanakeun.

3) Ngolah data

Hasil *pretest* jeung *posttest* dipariksa jeung dipeunteun. Hasilna diolah nepi ka kapanggih signifikan henteuna béda hasil dua tés éta. Ngolah data ngagunakeun rumus-rumus statistik.

- a. Bandingkeun O_1 jeung O_2 pikeun nangtukeun sakumaha gedéna béda nu timbul antara saméméh jeung sabada nerapkeun variabel X.
- b. Terapkeun tés statistik nu cocok (dina hal ieu mah t tés) pikeun nangtukeun naha béda éta signifikan atawa henteu (Suryabrata, 2012, kc. 102).

Unggal panalungtikan pasti aya hipotésisna. Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 64) hipotésis mangrupa jawaban saheulaanan tina rumusan masalah panalungtikan, lantaran jawabanana kakara dumasar kana tiori anu *relevan*, can dumasar kana fakta-fakta émpiris nu dicangking ngaliwatan prosés ngumpulkeun data. Hipotésis bisa ngawengku hipotésis hiji variabel jeung hipotésis dua atawa leuwih variabel.

Rumusan hipotésis ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

a. Hipotésis nol (H_0)

Modél pangajaran *Writing Workshop* teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung taun ajaran 2015/2016.

b. Hipotésis Alternatif (H_a)

Modél pangajaran *Writing Workshop* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung taun ajaran 2015/2016.

4) Nyieun kacindekan

Sabada réngsé diolah datana, hasil panalungtikanana dicindekkeun, sangkan katempo hasil panalungtikanana.

5) Nyusun laporan

Sabada réngsé dicindekkeun, hasil panalungtikan ti awal tepi ka ahir disusun jadi hiji laporan sacara sistematis sangkan hasil panalungtikanana bisa dipaluruh.

3.5 Téhnik Nganalisis Data

Ngolah data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan tahapan-tahapan kawas ieu di handap.

- 1) Ngumpulkeun karangan siswa.
- 2) Maca hasil karangan siswa.
- 3) Nandaan aspék karangan éséy siswa.
- 4) Méré peunteun ku cara ngagunakeun kritéria, tuluy peunteunna diasupkeun kana tabél kritéria nulis karangan éséy anu dijéntrékeun ieu di handap.

Tabél 3.1
Modél Penilaian Pembobotan Tiap Komponén

No	Aspek	Skor	Keterangan
A	Eusi	27-30	Alus pisan-sampurna: loba informasi, substansi, mekarkeun tesis tuntas, relevan jeung masalah, lengkep.
		22-26	Cukup-alus: informasi cukup, substansi cukup, mekarkeun tesis kawates, relevan jeung masalah, tapi teu lengkep.
		17-21	Sedeng-cukup: informasi kawates, substansi kurang, mekarkeun tesis kurang, teu cukup masalah.
		13-16	Kurang pisan: euweuh eusi, euweuh substansi, euweuh mekarkeun tesis, euweuh masalah.
B	Organisasi	18-20	Alus pisan-sampurna: éksprési lancar, gagasan jéntré, loba, sistematis, urutan logis, kohesif.
		14-17	Cukup-alus: kurang lancar, kurang sistematis, tapi katembong ide utamana, bahan pangrojongna kawates, urutan logis, tapi teu lengkep.
		10-13	Sedeng-cukup: teu lancar, gagasan teu sistematis, urutan jeung kamekaran tesis teu logis.
		7-9	Kurang pisan: teu komunikatif, teu sistematis, teu bisa dipeunteun.
C	Diksi	18-20	Alus pisan-sampurna: merenah dina maké

			kecap, pilihan kecap merenah, ngawasa dina ngawangun kecap.
		14-17	Cukup-alus: kurang merenah dina make kecap, pilihan kecap kurang merenah tapi teu mangaruhan ma'na.
		10-13	Sedeng-cukup: poténsi make kecap kawates, loba kasalahan dina pilihan kecap anu mangaruhan ma'na.
		7-9	Kurang pisan: poténsi make kecap teu merenah, pangaweuh kandaga kecap rendah, teu bisa dipeunteun.
D	Makéna Basa	22-25	Alus pisan-sampurna: konstruksi kompléks tapi éféktif, ngan saeutik kasalahan make wangun kabasaan.
		18-21	Cukup-alus: konstruksi basajan tapi éféktif, saeutik kasalahan dina konstruksi kompléks, aya kasalahan tapi ma'na ajeg.
		11-17	Sedeng-cukup: aya kasalahan dina konstruksi kalimah, ma'na teu ajeg.
		5-10	Kurang pisan: teu ngarti aturan sintaksis, loba kasalahan, teu komunikatif, teu bisa dipeunteun.
E	Mékanik	5	Alus pisan-sampurna: ngawasa aturan nulis, saeutik kasalahan ejahan.
		4	Cukup-alus: saeutik kasalahan éjahan ngan teu ngarobah ma'na.
		3	Sedeng-cukup: loba kasalahan éjahan, ma'na teu ajeg.
		2	Kurang pisan: teu ngawasa aturan nulis, loba kasalahan ejahan, tulisan teu kabaca, teu bisa dipeunteun.
Jumlah		28-100	

(Hartfield dina Nurgiyantoro, 2013, kc. 441-442)

Keterangan:

Dumasar KKM anu ditangtukeun di SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung, kategori peunteunna nya éta:

peunteun karangan éséy siswa < 75 = Can Mampuh

peunteun karangan éséy siswa ≥ 75 = Mampuh

5) Data nu mangrupa peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2

Skor Kamampuh Nulis Éséy Saméméh jeung Sabada Maké Modél *Writing Workshop* Siswa Kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung.

No Urut	Ngaran Siswa	Kamampuh Nulis Éséy						Kategori
		A	B	C	D	E	P	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)
Σ								
\bar{x}								

Keterangan :

A = aspék penilaian karangan éséy eusi

B = aspék penilaian karangan éséy organisasi

C = aspék penilaian karangan éséy diksi

D = aspék penilaian karangan éséy makéna basa

E = aspék penilaian karangan éséy mékanik

P = jumlah peunteun siswa (skor)

\bar{x} = rata-rata

Data anu ditabulasikeun dipaké pikeun nguji hipotésis kalayan ngagunakeun analisis statistik anu ngawengku uji sipat data, uji gain, jeung uji hipotésis.

1) Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Anu kahiji nya éta uji normalitas, dilaksanakeun pikeun nangtukeun distribusi data, naha normal atawa henteu.

Anu kadua, uji homogénitas variasi anu tujuanana pikeun nangtukeun homogénitas data nilai siswa.

a) Uji Normalitas Data

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu fungsina pikeun mikanyaho normal henteuna data anu dipaké dina ieu panalungtikan. Rumus *Chi Kuadrat* (X^2) dipaké pikeun nangtukeun yén éta data téh miboga sipat anu normal atawa henteu.

Saméméh ngagunakeun rumus *Chi Kuadrat*, aya sawatara léngkah anu kudu dilaksanakeun kawas ieu di handap.

- (1) Nangtukeun peunteun siswa anu pangleutikna jeung panggedéna.
- (2) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus di handap.

$$r = X_{\text{maks}} - X_{\text{min}}$$

r = rentang atawa *range*

X_{maks} = skor panggedéna

X_{min} = skor pangleutikna

(Sudjana, 2005, kc. 47)

- (3) Nangtukeun jumlah kelas (k).

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

Keterangan :

k = lobana kelas

n = lobana data (frékuénsi)

3,3 = bilangan konstan

(Sugiyono, 2013, kc. 35)

- (4) Nangtukeun panjang kelas (P).

$$p = \frac{r}{k}$$

Keterangan :

p = panjang kelas (Interval kelas)

r = rentang (jangkauan)

k = lobana kelas

(Sugiyono, 2013, kc. 37)

(5) Nyieun tabél frékuénsi peunteun *pretest* jeung *posttest* kalayan ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.3
Tabél Frékuénsi Hasil Tés

Kelas Interval	f_i	x_i	X_i^2	$f_i x_i$	$F_i x_i^2$
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
Σ					

(Sugiyono, 2013, kc. 54)

(6) Ngitung mean (rata-rata) peunteun *pretest* jeung *posttest* kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Keterangan:

\bar{x} = rata-rata (*mean*)

Σ = jumlah (*sigma*)

f_i = jumlah data

x_i = nilai tengah

(Sugiyono, 2013, kc. 54)

(7) Ngitung standar déviasi (sd) kalayan ngagunakeun rumus di handap.

$$SD = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

Katerangan:

Sd = standar deviasi

$\sum fx^2$ = jumlah frékuénsi nilai

$(\sum fx)^2$ = jumlah frékuénsi nilai X kuadrat

N = jumlah subjék panalungtikan

(Sugiyono, 2013, kc. 58)

(8) Ngitung frékuénsi observasi jeung frékuénsi éspéktasi (perkiraan) kalayan ngagunakeun léngkah-léngkah ieu di handap.

(a) Nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi éspéktasi (perkiraan).

Tabél 3.4
Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Kelas Interval	O_i	Batas Kelas	Z_{itung}	Z_{tabel}	L	E_i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)

Katerangan :

O_i = frékuénsi Obsérvasi

Bk = batas kelas

Z_{itung} = transfortasi normal standar bébas kelas

Z_{tabel} = Nilai Z tina tabél distribusi data normal

L = lega kelas interval

E_i = frékuénsi ékspéktasi

(b) Nangtukeun O_i (frékuénsi observasi), nya éta lobana data anu kaasup kana hiji kelas interval

(c) Nangtukeun batas kelas (B_k).

(d) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas).

$$Z_{\text{itung}} = \frac{(bk - \bar{x})}{sd}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 80)

(e) Nangtukeun $Z_{\text{tabél}}$.

(f) Ngitung legana unggal kelas interval (L).

$$L = Z_{\text{tabél 1}} - Z_{\text{tabél 2}}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 80)

(g) Ngitung frékuénsi ékspéktasi (E_i).

$$E_i = n \times L$$

(Sugiyono, 2013, kc. 81)

(h) Nangtukeun nilai X^2 (Chi Kuadrat).

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 81)

(9) Nangtukeun derajat kabébasan (dk).

$$dk = k - 3$$

(Sugiyono, 2013, kc. 82)

(10) Nangtukeun harga *Chi* kuadrat tina daftar X^2_{tabel} .

(11) Nangtukeun normalitas distribusi sumber data ngagunakeun kritéria di handap.

Lamun $X^2_{\text{itung}} < X^2_{\text{tabel}}$, hartina distribusi datana normal.

Lamun $X^2_{\text{itung}} \geq X^2_{\text{tabel}}$, hartina distribusi datana teu normal.

b) Uji Homogénitas

Uji homogénitas nya éta uji sipat data anu fungsina pikeun mikanyaho homogen atawa henteuna variasi sumber data anu diujikeun. Dina nangtukeun uji homogénitas léngkahna nya éta ieu di handap.

(1) Ngitung variasi masing-masing kelompok.

Variasi *prettes* (S_1^2)

$$S_1^2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

Variasi *Posttes* (S_2^2)

$$S_2^2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 57)

(2) Ngitung harga variasi (F).

$$F = \frac{s_1^2}{s_2^2}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 57)

(3) Ngitung derajat kabébasan (dk).

$$dk = n-1$$

(Sugiyono, 2013, kc. 140)

(4) Nangtukeun F_{tabel}

(5) Nangtukeun homogén henteuna datta dumasar kana kritéria ieu di handap:

Lamun $F_{itung} < F_{tabel}$, hartina variasi sampel homogén.

Lamun $F_{itung} > F_{tabel}$, hartina variasi sampel teu homogén.

2) Uji Gain (d)

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya perbédaan anu signifikan antara hasil *pretest* jeung *posttest*. Ngaliwatan uji gain baris meunangkeun gambaran ngeunaan pangaruh dipakéna modél *Writing Workshop* kana kamampuh nulis karangan éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung. Dina nangtukeun uji gain digunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.5
Tabél Uji Gain Siswa

No	Pretest						Posttest						d	d ₂
	Aspek penilaian					P	Aspek Penilaian					P		
	A	B	C	D	E		A	B	C	D	E			
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)	(12)	(13)	(14)	(15)
Σ														
X														

Rumusan pikeun ngajawab yén aya béda anu signifikan atawa henteu sabada dibéré *treatment*, dirumuskeun ieu di handap.

Ha : $\bar{x}_{pretest} \neq \bar{x}_{posttest}$, hartina kamampuh siswa ngaronjat antara *pretest* jeung *posttest*.

Ho : $\bar{x}_{pretest} = \bar{x}_{posttest}$, hartina kamampuh siswa teu ngaronjat antara *pretest* jeung *posttest*.

3) Uji Hipotésis (t)

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 45) hipotésis asal na tina “*hipo*” anu hartina di handap jeung “*tésis*” anu hartina bebeneran. Jadi hipotésis nya éta dugaan anu can tangtu bener, disebut bener lamun geus dirojong ku bukti-bukti anu geus diuji ngaliwatan hiji panalungtikan. Léngkah-léngkah uji hipotésis anu kudu dipigawé nya éta ieu dihandap.

(1) Ngitung rata-rata (méan) tina béda antara peunteun *pretest* jeung *posttest*.

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

(2) Ngitung derajat kebébasan (dk).

$$dk = n - 1$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

(3) Ngitung jumlah kuadrat deviasi.

$$\sum X^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

(Arikunto, 2013, kc. 351)

(4) Ngitung t.

$$t = \frac{M d}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

(Arikunto, 2013, kc. 349)

Keterangan:

t = tés signifikasi

Md = rata-rata (méan) tina bédana antara peunteun *pretest* jeung *posttest*

$\sum x^2 d$ = jumlah kuadrat déviasi téhnik

n = jumlah subjék dina sumber data

(5) Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis kana kritéria ieu di handap.

Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$, hartina hipotésis alternatif (H_a) ditarima jeung hipotesis nol (H_0) ditolak. Jadi, modél *Writing Workshop* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung.

Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$, hartina hipotésis nol (H_0) ditarima jeung hipotésis alternatif (H_a) ditolak. Jadi, modél *Writing Workshop* teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éséy siswa kelas VIII D SMP Kartika Siliwangi XIX-1 Bandung taun ajaran 2015/2016.